



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 4 oktòb 2012

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN YON PWOJÈ-LWA POU SIPÒTE DON ÒGÀN NAN ETA NEW YORK

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen yon pwojè-lwa pou sipòte kantite Nouyòkè ki anrejistre pou don ògàn ak tisi.

Eta New York gen youn nan pi ba pousantaj donè ògàn nan peyi a, avèk sèlman 18 pousan adilt ki enskri kòm donè, ki pi piti nèt pase mwayèn nasyonal 43 pousan an. Pwojè-lwa a, ki rele “Lwa Laurent,” ajoute nouvo kesyon nan dokiman aplikasyon Depatman Veyikil-a-Motè ki la pou ankouraje plis moun enskri nan Rejis Donate Life pou don ògàn ak tisi.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Avèk anpil milye Nouyòkè ki sou lis-datant pou don ògàn ak tisi, Eta New York dwe travay pi di pou enskri sitwayen nou yo nan pwogram enpòtan sa a pou sove lavi moun. Lè nou ajoute nouvo kesyon nan fòm aplikasyon DMV, gen lespwa pou plis Nouyòkè enskri non yo sou lis moun ki vle fè don yon ògàn ak tisi. Mwen bat bravo pou Senatè Carlucci ak Manm Asanble Ortiz pou travay di yo sou pwojè-lwa sa a, epi mwen di Lauren Shields mèsi pou sipò li bay sou zafè enpòtan sa a.”

Gen apeprè 113.000 moun – 9.700 ladan yo se Nouyòkè – ki sou lis-datant nasyonal pou transplant ògàn. Anmwayèn, 18 moun mouri chak jou nan Etazini nan kòz ki te ka trete avèk ògàn moun fè don. Answit, tisi yon moun fè don kapab gen yon enpak pozitif sou lavi plis pase 50 lòt moun.

Pou ankouraje moun yo enskri nan Rejis la, epi pou ogmante gwoup fiti donè ògàn ak tisi, nouvo lwa a ajoute langaj sa a nan aplikasyon DMV pou lisans chofè yo ak pou kat idantifikasyon ki pa lisans chofè: “Ou dwe ranpli seksyon sa a: Èske ou ta renmen pou nou mete non ou nan Rejis Donate Life? Koche kaz pou ‘wi’ oswa ‘sote kesyon sa a.”

Se Lauren Shields ki te bay lide pou pwojè-lwa a. Li se yon ti fi 12 zan k ap viv nan Stony Point nan Konte Rockland, ki te resevwa yon kè nan operasyon transplant nan ane 2009.

Lauren Shields di konsa, “Mwen vle di Gouvènè Cuomo mèsi poutèt li siyen Lwa Lauren. Sa ap sove anpil milye lavi moun nan New York. Mwen fè sèman pou kontinye rakonte istwa mwen nan lespwa pou ankouraje moun yo pou yo ka chwazi ‘wi’ pou sove lavi moun.”

Senatè David Carlucci di konsa, “Lwa Lauren pral sove lavi anpil moun. Kounye a nan Eta New York, plis pase 10.000 moun ap tann pou yon transplant ògàn pou sove lavi yo, epoutan New York klase toupre anba kantite moun kalifye ki antre nan pwogram donè ògàn. Lè nou fè yon senp chanjman nan lwa a, nou gen yon pi gwo opòtinite pou ogmante kantite donè ògàn ak sove lavi moun. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li siyen Lwa Lauren epi poutèt li fè jou sa a yon jou ekstrawòdinè toutbon.”

Manm Asanble Felix W. Ortiz di konsa, “Nan piblikasyon lwa sa a, eta nou an ap pran devan nan ogmante sansibilizasyon pou don ògàn epi pou fè sa vin yon pwosesis fasil pou vin yon donè. Lespwa mwen sèke nan yon ti tan, moun yo ap konprann fason jenewozite yo pandan yon moman kriz enpòtan kapab vin kontantman ak lespwa pou yon lòt fanmi k ap souffri. Mwen di mèsè pou Gouvènè a, Senatè Carlucci ak kamarad mwen ak zanmi mwen, Manm Asanble James Conte, ki gen pwòp batay li ki briye anpil nan zafè serye sa a.”

Ted Lawson, Direktè Egzekitif Save Lives Now New York, di konsa, “Save Lives Now New York kontan anpil tou pou wè Gouvènè Cuomo te siyen Lwa Lauren jodi a. Sa a se yon bon jan premye etap nan chanje règleman don ògàn Eta New York yon fason pou yo mete plis ògàn disponib pou transplant k ap sove lavi moun. Ofisye Save Lives Now New York, avèk sipò konsèy administrasyon nou an, fyè pou patisipe nan pwosesis sa a, epi nou pa ka tann pou travay avèk Gouvènè Cuomo ak lejislati Eta New York pidevan sou devlopman chanjman lòt règleman nan New York k ap chanje kondisyon Eta New York State kounye a kòm twazyèm jiska dènye plas nan rejis donè ògàn, ak dezyèm lis-datant ki pi long pou transplant ògàn, pou vin yon premye eta nan toulède domèn sa yo. Avèk lespwa, pasaj Lwa Lauren ap yon premye etap enpòtan nan direksyon sa a.”

Nouvo lwa a ap anvigè nan yon ane.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418